

## Demann Revizyon Òdonans Pansyon alimantè pou Timoun Child Support Order Review Request

POU:

RE:

NIMEWO DOSYE:

DAT:

### Enfòmasyon sou Pwogram

Division of Child Support (DCS) bezwen plis enfòmasyon pou kreye oswa aplike òdonans pansyon alimantè pou pitit ou. Ou gen de chwa pou ede w modifye oswa ajiste òdonans ou:

1. Depoze yon aksyon nan yon tribinal pou modifye òdonans ou. Ou ka fè sa poukонт ou oswa atravè yon avoka.
2. Mande DCS pou revize òdonans ou.
  - a. DCS pa ka reprezante oswa ba ou konsèy legal oswa lòt pati a nan òdonans ou.
  - b. DCS rezive enfòmasyon ou.
    - (1) Si òdonans ou **pa** reponn a kritè minimòm pou yon revizyon, DCS pa pral fè lòt bagay.
    - (2) Si òdonans ou **pa** reponn a kritè minimòm pou yon revizyon, DCS pral refere dosye w nan biwo yon Avoka Pwokirè oswa yon lòt ajans sipò pansyon alimantè pou timoun (jan sa nesesè) pou modifikasyon oswa ajisteman. Egzijans minimòm yo se:
      - (a) DCS dwe gen enfòmasyon adrès aktyèl la pou toulède pati yo nan òdonans lan.
      - (b) Eta Washington dwe gen jiridiksyon sou toulède pati yo nan òdonans lan.
      - (c) Omwen twazan te pase depi kantite lajan sipò a te etabli **oswa** ou ka montre yon chanjman enpòtan nan sikostans yo.
      - (d) Kantite Lajan total pansyon alimantè pou timoun nan òdonans ki te egziste deja dwe omwen 25 pouzan piwo oswa piba kantite lajan ki endike nan **dènye vèsyon pansyon alimantè pou Timoun nan ak** kantite lajan diferans ant montan lajan pansyon alimantè aktyèl la e nouvo a dwe omwen \$100.00 pa mwa.
      - (e) Chanjman nan kantite lajan pansyon alimantè pandan tout dire òdonans lan dwe chanje a omwen \$2,400.00.

REMAKE: Yon eksepsyon nan de dènye kritè ki liste anwo a se lè òdonans lan pa gen yon kondisyon pou bay pwoteksyon asirans sante pou timoun yo.

Si timoun yo ki gen non yo nan òdonans la resevwa asistans publik oswa asistans medikal, règleman spesyal ap aplike.

1. DCS pral otomatikman revize òdonans ou pou modifikasyon oswa ajisteman chak 35 mwa.
2. Si ou vle modifye oswa ajite òdonans ou san èd DCS, swa biwo Avoka Pwokirè oswa DCF dwe apwouve kondisyon òdonans lan osijè pansyon alimantè timoun nan ki afekte a Eta Washington.

**Si ou vle DCS revize òdonans ou, ou dwe ranpli epi retounen paj 2 ak 3 fòm sa a. Gade enstriksyon ki nan paj 2 pou w jwenn lòt kondisyon.**

## Demann Revizyon Òdonans Pansyon alimantè pou Timoun Child Support Order Review Request

NON MOUN KAP MANDE A:

NIMEWO DOSYE:

### Enstriksyon

Si ou vle DCS revize dosye w pou posib modifikasyon oswa ajisteman, itilize fòm sa a pou mande revizyon an.

Sof pou siyati w, ekri repons ou yo. Sèvi ak yon plim ble oswa nwa sèlman.

Siyen epi retounen tout fòm ki obligatwa yo nan adrès DCS ki endike nan paj 3. Si ou se yon ajans Pansyon Alimantè timoun, yon reprezantan otorize dwe siyen fòm yo.

Ranpli epi retounen fòm ki annaprè yo:

1. **Paj 2 ak 3** fòm sa a.
2. **Fèy Travay pou Pansyon Timoun nan Eta Washington** (enkli). Ranpli seksyon yo pou ou ak fanmi w. DCS pral eseye jwenn enfòmasyon finansye lòt pati a.
3. **Deklarasyon Finansye** (enkli). Ranpli fòm sa a sèlman si ou gen yon **òdonans tribinal**.
4. Fòm **Enfòmasyon Konfidansyèl** (atache). Ranpli fòm sa a sèlman si ou gen yon **òdonans tribinal**.
4. Fòm **Dokiman Adisyonèl nan Enfòmasyon Konfidansyèl** (atache) si ou gen plis pase de timoun. Ranpli fòm sa a sèlman si ou gen yon **òdonans tribinal**.

Atache dokiman ki annaprè yo. **Si ou pa gen dokiman yo, atache yon deklarasyon ki eksplike puokisa.**

1. Kopi de dènye deklarasyon taks federal ou.
2. Kopi twa dènye souch chèk ou.

DCS oswa Avoka Pwokirè a ka pataje nenpòt dokiman ou voye nan DCS avèk lòt pati a nan òdonans pansyon alimantè timoun nan e ou ka depoze dokiman yo nan yon tribinal publiè.

1. Lòt pati a nan òdonans sipò w gen yon dwa pou wè enfòmasyon finansye w.
2. Ou dwe retire enfòmasyon idantifikasiyon pèsonèl ou (adrès, dat nesans, nimewo sekirite sosyal) nan dokiman yo anvan ou voye yo nan DCS.

**Mwen vle DCS revize òdonans sipò m pou modifikasyon oswa ajisteman paske** (tcheke kazyé anba ki aplike nan dosye w la):

1.  Revni m te chanje.
2.  Revni lòt paran an te chanje.
3.  Omwen youn nan timoun yo nan dosye mwen an gen:
  - a.  Douzan oswa pi gran. Sa a se yon chanjman nan òdonans aktyèl a.
  - b.  Abite nan yon lòt kay.
  - c.  Pa ale lekòl oswa abite nan kay la.
4.  Yon egzijans asirans sante ap ajoute nan òdonans mwen.
5.  Mwen andikape, enstitisyonale, oswa anprizone.
6.  Lòt bagay (bay detay): \_\_\_\_\_

Mwen konprann epi dakò ke:

1. Si mwen pa bay DCS tout enfòmasyon ki nesesè yo, DCS pa pral revize òdonans lan.
  2. DCS revize dosye mwen an sèlman pou modifikasyon oswa ajisteman nan dispozisyon osijè panson alimantè pitit mwen an oswa asirans sante pou timoun yo. DCS pa gen otorite pou revize òdonans tribinal yo pou chanje nan gad legal, vizit, oswa lòt pwoblèm yo.
  3. DCS itilize enfòmasyon mwen bay la pou etabli, modifie, oswa ranfòse panson alimantè timoun.
    - a. DCS pataje enfòmasyon sa yo ak lòt ajans gouvenmantal sèlman pou rezon sa yo.
    - b. DCS bay enfòmasyon sèlman si lwa ak regleman eta ak federal otorize sa.
    - c. Mwen ka mande DCS pou lòt enfòmasyon konfidansyèl ak pèsonèl paran.
  4. Apre yo fin revize demann mwen an, DCS pral voye bay yon Avoka Pwokirè si:
    - a. DCS resevwa tout fòm ak enfòmasyon yo te mande nan paj 3.
    - b. Dosye mwen an reponn a egzijans pou modifikasyon oswa ajisteman.
- REMAKE: DCS pa ka retire demann li te voye bay yon Avoka Pwokirè.
5. Si òdonans mwen an pa reponn a egzijans legal oswa revizyon, DCS oswa yon avoka pwokirè ka deside pou l pa pote òdonans sipò mwen an nan tribunal pou modifikasyon oswa yon ajisteman.
  6. Si yon pwokirè deside pou kontinye avèk yon modifikasyon oswa yon ajisteman nan òdonans sipò mwen an, dat kòmansman nenpòt chanjman kapab nenpòt dat apati dat yo te depoze aksyon an nan tribunal pou rive nan dat jij la siyen òdonans lan. Jij la deside dat kòmansman an.
  7. Ódonans sipò modifie oswa ajiste m ka lakoz nan peman ki piwo oswa piba.
  8. Mwen gen dwa pou mande yon tribunal pou modifie oswa ajiste òdonans sipò m poukонт mwen.

---

SIYATI PARAN

DAT

---

SIYATI REPREZANTAN PARAN

DAT

---

EKRI NON ANLÈT DETACHE REPREZANTAN PARAN

DIVISION OF CHILD SUPPORT

PO BOX 11520

TACOMA WA 98411-5520

Anndan \_\_\_\_\_ zòn dapèl \_\_\_\_\_

Andeyò \_\_\_\_\_ zòn dapèl \_\_\_\_\_

Gen sèvis TTY/TTD pou moun ki gen pwoblèm pale ak tande.

Ale sou sit entènèt nou an: [www.dshs.wa.gov/dcs](http://www.dshs.wa.gov/dcs)

Pèson moun pa dwe sibi diskriminasyon poutèt ras, koulè, orijin nasyonal, kwayans, reliyon, sèks, laj oswa andikap nan travay, sèvis oswa nan nenpòt aktivite pwogram nan. Ou ka jwenn fòm sa nan lòt fòma si w mande.

For Child Support Agency Use Only (Pou Itilizasyon Ajans Panson Alimantè Timoun Sèlman)

AGENCY REPRESENTATIVE'S SIGNATURE

DATE

AGENCY P.O. BOX OR STREET ADDRESS

CITY

STATE

ZIP CODE